

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kabudayaan mangrupa pangabutuh *psikologi* manusa dina ngaéksprésikeun dirina. Budaya nempatkeun dirina dina pola-pola basa jeung dina wangun-wangun kagiatan sarta paripolah anu ngabogaan fungsi pikeun jadi *modél-modél* dina nyaluyukeun dirina jeung tingkah polahna jeung gaya komunikasi anu ngawajibkeun hiji jalma cicing di masarakat dina lingkungan *géografis* anu tangtu.

Budaya jeung komunikasi teu bisa dipisahkeun kitu baé, sabab budaya henteu ngan saukur nangtukeun saha anu ngomong jeung saha, ngomongkeun naon, jeung kumaha jalma narima pesen, makna anu rék ditepikeun, jeung kaayaan-kaayaan nalika pesen éta ditepikeun, merhatikeun sarta nafsirkeun pesen.

Hasil tina budaya sarta mangrupa salah sahiji alat komunikasi nya éta basa. Basa téh mangrupa salah sahiji unsur budaya sarta sakaligus jadi wahana dina kamekaran budaya. Numutkeun Sudaryat (1991: 1), “Basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antaranggota masarakat pikeun tujuan komunikasi.”

Ku sabab bangsa Indonesia jembar budayana tangtuna basa nu digunakeunna ogé réa. Salah sahiji basa daérah anu pamakéna loba nya éta basa

Sunda. Basa Sunda téh nya éta basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakat, boh di tatar Sunda boh luareun tatar Sunda.

Sok sanajan basa Sunda téh basa indung urang Sunda tapi teu saeutik jalma di saluareun urang Sunda maké basa Sunda. Hal ieu ku sabab di Jawa Barat (tatar Sunda) loba anu ngumbara ti luar daérah Jawa Barat. Alesan ngumbarana unggal jalma béda-béda, aya anu sakola atawa kuliah, transmigrasi, urbanisasi, pindah gawé, jrrd. Tangtuna jalma-jalma anyar éta kudu bisa nempatkeun diri di tempat cicingna anu anyar (tatar Sunda). Di urang Sunda aya paribasa “*pindah cai pindah tampian*” anu hartina di pangumbaraan atawa di tempat bubuaran nu anyar kudu ngaluyukeun diri jeung adat kabiasaan nu aya di dinya. Kapaksa atawa henteu urang luar Jawa Barat kudu bisa nyaluyukeun jeung adat urang Sunda. Dina komunikasi ogé maranéhanana kudu bisa basa Sunda sangkan interaksi sosialna bisa lumangsung sacara lancar. Sok sanajan, komunikasi nu lancar henteu nungtut kudu ngagunakeun basa nu sarua.

Di Bandung hususna di UPI loba anu kuliah asalna lain ti tatar Sunda (lain urang Jawa Barat), saperti ti Jawa, Sumatera, Kalimantan, NTT, NTB, jsb. Salah sahiji contona mahasiswa asal Sumatera. Para mahasiswa asal Sumatera ieu salila kuliah tangtuna ngayakeun interaksi atawa campur gaul jeung mahasiswa jeung masarakat Sunda boh di lingkungan kampus boh di lingkungan kosan. Hasil tina campur gaul sapopoéna aya budaya Sunda anu saeutik-saeutik mangaruhan kana basa jeung prilaku mahasiswa asal Sumatera ieu. Ku sabab sapopoéna remen ngadéngé omongan dina basa Sunda, tungtungna maranéhanana kababawa nalika

nyarita sok saeutik-saeutik ngagunakeun basa Sunda. Aya ogé lamun anu geus lancar atawa bisa basa Sunda nyaritana maké basa Sunda.

Saméméh diajar basana sacara gembleng (makna atawa harti, kecap-kecap, jeung tata basa) dina pangajaran basa lisan anu anyar (basa deungeun) nu utamana urang kudu boga pangaweruh dina cara ngucapkeun basana atawa leuwih ti heula urang kudu mampuh mikawanoh sora-sora basa anu dipaké dina basa deungeun éta (Sumardi, spk., 1992:6).

Tina sawangan Sumardi, spk., bisa dicindekkeun yén pangheulana nu kudu diajarkeun dina pangajaran basa lisan ka jalma anu anyar mikawanoh hiji basa nya éta foném. Foném nya éta sora basa pangleutikna anu mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti antara kecap nu hiji jeung kecap liana (Verhar; Keraf; Sitindan dina Sudaryat, 1989: 57).

Pikeun mikanyaho kamampuh jalma anyar (urang non-Sunda) dina ngalarapkeun foném basa Sunda panalungtik ngayakeun ieu panalungtikan anu judulna *Kamampuh Ngucapkeun Fonem Basa Sunda Mahasiswa Asal Pulo Sumatera (Studi Kasus ka Mahasiswa Entragan 2006)*.

Panalungtikan ngeunaan foném samémehna pernah ditalungtik nya éta *Korélasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Nuliskeun Vokal é, e, jeung eu Siswa Kelas VIII SMP Negeri 3 Kota Sukabumi* ku Nopita Depi (2007). Ieu panalungtikan leuwih muser kana pangaweruh siswa kelas VIII SMP ngeunaan vokal é, e, jeung eu sarta dikorélasikeun jeung kamampuh nuliskeunana. Sedengkeun panalungtikan *Kamampuh Ngucapkeun Fonem Basa Sunda Mahasiswa Asal Pulo Sumatera (Studi Kasus ka Mahasiswa Entragan 2006)*

leuwih museur kana kamampuh mahasiswa asal pulo Sumatera dina ngucapkeun foném-foném basa Sunda.

Ku kituna, panalungtikan *Kamampuh Ngucapkeun Fonem Basa Sunda Mahasiswa Asal Pulo Sumatera (Studi Kasus ka Mahasiswa Entragan 2006)* perlu dilaksanakeun pikeun ngadéskripsikeun kamampuh ngucapkeun foném basa Sunda mahasiswa asal pulo Sumatera jeung faktor-faktor naon anu jadi panghalang atawa kasulitan dina nyarita, hususna ngucapkeun foném basa Sunda.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang di luhur, anu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan dina wangun kalimah tanya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngucapkeun foném basa Sunda mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006?
- 2) Foném-foném basa Sunda naon anu salah diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006?
- 3) Foném-foném basa Sunda naon anu bener diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006?
- 4) Naon anu jadi halangan jeung kasulitan mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006 dina ngucapkeun foném basa Sunda?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan umum diayakeunana ieu panalungtikan bisa ngadeskripsikeun kamampuh ngucapkeun foném mahasiswa asal pulo Sumater (studi kasus entragan 2006). Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikan:

- 1) kamampuh ngucapkeun foném basa Sunda mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006;
- 2) foném-foném basa Sunda anu salah diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006;
- 3) foném-foném basa Sunda anu bener diucapkeun ku mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006;
- 4) halangan jeung kasulitan mahasiswa asal pulo Sumatera entragan 2006 dina ngucapkeun foném basa Sunda.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Saba'da diayakeun ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat boh pikeun kaperluan tioritis boh kaperluan praktis.

a. Kaperluan Tioritis

- 1) Pikeun ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan masalah *bilingualism*.
- 2) Pikeun ngajawab patalékan ngeunaan masalah-masalah dina *kedwibahasaan*.

b. Kaperluan Praktis

- 1) Pikeun bahan pangajaran dina ngajarkeun basa Sunda ka jalma anyar, hususna dina pangajaran fonologi.
- 2) Pikeun mahasiswa asal pulo Sumatera bisa dijadikeun jeung nambahan pangaweruh dina diajar basa Sunda hususna ngucapkeun foném basa Sunda.

1.4 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

1.4.1 Populasi

Numutkeun Arikunto (2006: 130), populasi nya éta sakabéh subjék anu baris ditalungtik. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh mahasiswa UPI asal pulo Sumatera entragan 2006 anu jumlahna 276 urang.

1.4.2 Sampel

Sampel nya éta narik sabagian tina populasi pikeun ngawakilan populasi sacara gembheng. Dina panalungtikan ieu anu jadi sampelna nya éta 28 urang mahasiswa UPI ti 5 provinsi nu aya asal pulo Sumatera.